



Repiblik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## Akademi Kreyòl Ayisyen pèdi yon Akademisyèn Marie Marcelle BUTEAU RACINE 31 me 1934 - 23 jiyè 2020



Akademisyèn Marie Marcelle BUTEAU RACINE mouri jedi 23 jiyè 2020 nan vil Filadèlfi (Etazini).

Marie Marcelle BUTEAU RACINE fèt 31 me 1934 nan vil Okay (Ayiti). Nan lane 1970, li dekwoche yon doktora nan Lengwistik nan Inivèsite Georgetown (Etazini). Depi lè sa a, Lengwis la konsakre fòs li ak tan li nan rechèch ak ansèyman Lang kreyòl nan *University of the district of Columbia*, nan enstitisyon piblik tankou prive ak nan Anbasad Ayiti nan

*Washington*. Nan ane 2013, etidyan nan klas kreyòl ki nan nivo siperyè nan inivèsite a te onore pwofesè a kòm yon pwofesè modèl.

Doktè Marcelle Buteau Racine angaje tèt li kòm Akademisyèn depi nan lane 2014, kote Leta mete sou pye Akademi Kreyòl Ayisyen pou kore devlopman Lang kreyòl ayisyen an. Soti lane 2014 rive mwa out 2019, Akademisyèn Racine travay nan tèt kole ak kòlèg Akademisyen yo pou yo etidye estrikti lang nan, fè pwomosyon li epi fè valè li sou sèn entènasyonal la kòm Lang total kapital ki gen règ li ak prensip pou moun respekte.

Zèv Akademisyèn Racine anpil. Pami travay li pibliye nou ap site : *French Creole in the Caribbean, CLA journal (1975)* ; *Lang kreyòl la ap pran plas li an Ayiti (1980)* ; *Yon michan bouke flè pou sanba Moriso, yon omaj pou powèt Felix Morisseau-Leroy (1992)*.

Akademisyèn Marcelle Buteau Racine te bay tèt li misyon pou li fè pwomosyon travay fanm reyalize nan lang kreyòl. Pou sa, li tabli nan Akademi an yon komisyon ki pou etidye epi valorize travay fanm yo. Dènye atelye Akademisyèn nan te anime nan AKA, se sou rekritman ki dwe fèt nan Akademi an ak lide pou genyen plis fanm ki rantre nan enstitisyon an.

Nan okazyon lanmò Akademisyèn Racine, Konsèy Akademisyen an nan tèt kole ak Sekretarya Egzekitif Akademi an koube yo byen ba devan disparisyon akademisyèn sa a ki pati pou letènite. Nan tradisyon AKA, yon Akademisyen imòtèl. Konsa, Akademisyèn Racine ap toujou la nan lavi AKA. Zèv li epi lide li devlope ap toujou devan je nou chak kòm sous enspirasyon nou nan travay nou pou avansman Akademi an.

Akademi Kreyòl Ayisyen pwofite okazyon sila a pou li voye senpati li pou pitit Akademisyèn Buteau Racine, pou fanmi li, ansanm ak tout kreyolis ki te kolabore avèk li.

**Akademisyèn Marie Marcelle Buteau Racine, ale an pè !  
Akademi Kreyòl Ayisyen p ap janm bliye w !**